

Mande'm de Fòs & Leman!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite klas e li te fè yon pwogram pratik sou fòs ak leman. Nou travay ak tout kalite jwèt amizan ki sèvi ak fòs leman pou yo bouje. Mande'm pou'm pale'w de jwèt leman favori mwen.

Yo te ankouraje nou pou nou te panse a pwòp jwèt nou ki bouje ak fòs leman. Mwen te fè yon pwototip ak materyèl de tou lè jou. Mande'm pou'm pale'w de kisa mwen sèvi e kòman li mache. Mwen kapab eseye rekreye jwèt mwen an oubyen petèt sèvi ak direksyon pa anba pou kreye yon labirent leman pito. Ede'm kolekte materyèl e gade sa mwen kapab fè ak yo lè mwen sèvi ak de bag leman.

Labirent Leman

Yon pwojè ki "atiran" pou kontinye eksplorasyon leman'w.

Kisa ke ou bezwen:

- 2 bag leman (yo bay sa nan Mize an)
- yon fèy papye oubyen yon katon ki fen
- yon makè.

Kisa pou fè:

1. Sèvi ak yon makè, desine yon seri de chemen ki pa gen soti pou kreye labirent lan sou sifas katon an oubyen senpleman desine a yon spiral ki long oubyen yon chemen kwochi.
2. Mete yon leman sou tèt katon an e kòmanse chemen an e kenbe yon leman dirèteman anba li, anba katon an.
3. Eseye kwontole mouvman leman pa anlè katon an lè ou bouje leman ki pa anba katon an. Eske ou kapab konplete labirent lan si ou sèvi ak fòs leman pa anba?
4. Kounye a mete premye leman sou tèt katon an e kenbe dezyèm leman pou li pandye sou tèt li. Eske ou kapab sèvi ak fòs atraksyon oubyen repilsyon ant de leman yo pou kapab bouje leman sou katon an?
5. Eske ou kapab mete yon leman sou kote li e sèvi ak lòt leman pou kapab fè premye leman woule ozalantou de labirent lan sou kote li? Kontinye jwe e kade si ou kapab dekouvrir lòt fason enteresan pou bouje leman sou katon an.

Opsyonèl: Chanje yon klips papye oubyen yon lòt materyèl pou tèt leman e eseye pou konplete labirent la ankò pou sèvi ak fòs leman. Eske l'ap pi fasil oubyen pi difisil pou bouje klips papye an?

